



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 18 avril 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA NEW YORK SE PWODIKTÈ PRENSIPAL YOGOUT NAN NASYON AN KOUNYE A, LI FÈ LIVREZON SOU PWOMÈS ENPÒTAN KI FÈT NAN KONFERANS SOU YOGOUT POU EDE PWODIKTÈ PWODUI ABAZ LÈT YO

Aprè Konferans sou Yogout nan ane 2012, Gouvènè a Respekte Pwomès li pou Elimine Fado Kontwòl ki Koute Chè sou Ti Bitasyon Pwodui Abaz Lèt yo pou Kontinye Devlope Endistri Yogout la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York se Kapital Yogout Ofisyèl Lamerik, ki depase California nan ane 2012 kòm pwodiktè prensipal yogout nan Etazini.

Depi lè Gouvènè a pran fonksyon, li te travay pou transfòme gouvènman eta a an yon gouvènman antreprenè k ap travay san pran souf avèk endistri sektè prive yo pou retire baryè biwokrasi ak epitou pou ankouraje kwasans. Nan lespri sa a, Gouvènè a te òganize premye Konferans sou Yogout eta a nan mwa out 2012 la pou mete pwodiktè pwodui abaz lèt, pwodiktè yogout, ak ofisyèl eta a chita ansanm pou jwenn nouvo fason pou sipòte kwasans endistri a nan New York. Jodi a, Gouvènè a te respekte yon pwomès li te fè nan Konferans lan, pou retire fado kontwòl la pou fè li pi fasil pou bitasyon pwodiksyon pwodui abaz lèt yo ogmante twoupo yo pandan l ap asire etandi dlo eta a rete pwoteje. Kòm yon rezilta aksyon sa a, pi piti bitasyon yo ap kapab ogmante twoupo yo san yo pa gen ou aplike egzijans pèmi anviwònman an ki chè. Lè yo retire fado kontwòl la, pwodiktè pwodui abaz lèt New York ap kapab ogmante pwodiksyon lèt la, k ap nan avantaj kwasans endistri yogout New York, kreye djòb, epi devlope ekonomi lokal yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Eta New York tounèf la se yon kote biznis yo kapab grandi ak devlope, epi paske Eta New York kounye a, pou premye fwa nan istwa li, premye eta nasyon an nan pwodiksyon yogout montre efò nou pou louvri pòt eta a pou biznis epi pou devlope sektè prive a ap travay toutbon. Gouvènman eta nou an ap travay ansanm san pran souf avèk sektè prive pase anvan, pou elimine fòmalitye biwokrasi a epi pou rezoud fado patwon k ap bay djòb yo jwenn. Avèk Eta New York ki kouwone Kapital Yogout Lamerik ofisyèlman, sa montre aklè kijan apwòch nou pou devlope ekonomi an ak kreye yon gouvènman antreprenè efikas."

Haitian Creole

Eta New York #1 nan Nasyon an nan Pwodiksyon Yogout

Tretman yogout nan Eta New York te pwodui 692 milyon liv yogout nan ane 2012 la parapò avèk 587 milyon liv yogout nan California. An konparezon, nan ane 2011, California te pwodui 627 milyon liv yogout, parapò avèk 554 milyon liv isit la nan Eta New York.

Menmsi New York vin gen yon repitasyon kòm yon premye eta nan pwodiksyon yogout grèk, sa a se premye fwa depi done sou pwodiksyon yogout te vin disponib pou montre kijan New York te vin alatèt nasyon an nan tout pwodiksyon yogout la. Nan dènye senk (5) ane yo, izin yogout New York yo gen prèske twa fwa nan pwodiksyon, epi pwodiksyon lèt la te rive a plis pase yon milya liv. Gouvènè Cuomo, depi lè li te pran fonksyon, li te mete anplas yon seri pwojè ki te vize pou ede endistri a, tankou pou bay prim ankourajman pou agrandisman izin yo epi pou bese depans yo pou pwodiktè pwodui abaz lèt, sa ki te pèmèt yon ogmantasyon nan pwodiksyon lèt la.

Eta New York se katriyèm pi gwo eta nan pwodiksyon lèt nan peyi a, paske li te pwodui 13,2 milya liv lèt nan ane 2012.

Pou Respekte Pwomès li sou Demann Kiltivatè yo nan Konferans sou Yogout la, Gouvènè Cuomo Elimine Gwo Règleman yo sou Ti Bitasyon Pwodui Abaz Lèt yo pou Ede Ogmante Pwodiksyon Lèt la

Jan sa te pwomèt pandan Konferans Gouvènè a sou Yogout, eta a retire limit ki genyen kounye a anba règleman Operasyon pou Bay Bèt Manje Konsantre (CAFO) ant 199 vach ki bay lèt ak 299 vach ki bay lèt. Anba nouvo règleman ki pi anfavè kiltivatè yo, yo pibliye jodi a nan Depatman Pwoteksyon Anviwònman (DEC), bitasyon pwodui abaz lèt ki gen 200 a 299 vach ki gen matirite ki bay lèt pa epi ki pa pou pou nan dlo sifas pa depannde règleman CAFO a ankò. Eliminasyon fado kontwòl sa a ki koute chè a sou bitasyon ki piti yo ap pèmèt kiltivatè yo re-vesti resous yo pou agrandi operasyon yo pou pèmèt eta a ogmante pwodiksyon lèt li pou endistri yogout la.

Règleman sa yo ap vin anvigè lè yo pibliye nan Rejis Eta a nan dat 8 me.

Dapre Resansman Agrikilti USDA nan ane 2007, gen 872 ti bitasyon nan Eta New York ki gen ant 100 ak 199 vach. Dapre nouvo règleman yo, ti bitasyon yo kapab agrandi kantite bèt ki nan twoupo yo nan yon entèval 200 a 299 san yo pa gen pou aplike kontwòl ki chè a imedyatman.

Ou kapab jwenn nouvo règleman yo sou entènèt nan sitwèb <http://www.dec.ny.gov/regulations/87499.html>.

Gouvènè Cuomo Elimine Diplikata Règleman yo sou Tout Bitasyon Pwodiksyon Pwodui Abaz Lèt yo

Sou demann Gouvènè Cuomo, Eta a ap retire diplikata egzijans yo tou pou tout pwodiktè pwodui abaz lèt yo. Dapre ansyen règleman yo, yon bitasyon mwayen oswa yon gwo bitasyon ki te bezwen yon pèmi CAFO, te gen obligasyon tou pou gen yon pèmi CAFO, epitou yo dwe jwenn yon anrejistreman apa nan

DEC. Lè gen de règleman ki detèmine menm aktivite a sa reprezante yon fado sou bitasyon pwodiksyon pwodui abaz lèt yo, epitou sa pa bay pwoteksyon siplemantè pou anviwònman an.

Aksyon eta pral bay egzanpsyon tou pou bitasyon ki gen yon pèmi CAFO nan pifò egzijans pou anrejistremman an oswa pou pèmi an dapre pwogram dechè solid pou aplikasyon dechè tretman manje sou teren, konsèvasyon dechè tretman manje avèk fimye oswa dijeyon anayewobik anpil dechè òganik.

Règleman sa yo ap vin anvigè nan dat 17 jen, 60 jou apre depo règleman final yo nan Depatman Eta a.

Bourad Lajan Siplemantè pou Pwodiktè Pwodui Abaz Lèt Pral Ede Pwoteje Rezèv Dlo Eta New York

Aksyon jodi a asosye avèk ogmantasyon finansman pou ede kiltivatè yo envesti nan pwoteksyon siplemantè anviwònman an. Nan dènye de bidjè yo, Gouvènè Como te bay \$2,19 milyon dola pou pwogram PRO-DAIRY Cornell University nan Fon Pwoteksyon Anviwònman ak Èd pou Fon Rejyon yo. Espè pwogram PRO-DAIRY yo travay dirèkteman avèk kiltivatè yo pou evalye operasyon bitasyon agrikòl yo sou plan global, pou mete pi bon pratik biznis yo ansanm avèk dènye modèl jesyon anviwònman ak efikasite enèji.

Anba kalite dirijan Gouvènè Cuomo, DEC ak DAM pran angajman pou \$16 milyon dola pou bitasyon agrikòl yo nan ane fiskal 2013-14, ki se yon ogmantasyon 11 pousan ane pase:

- Angaje pou \$14,2 milyon dola pou bitasyon agrikòl yo aplike pratik pou amelyore kalite dlo a ak konsève kouch tè arab la;
- Bay apeprè \$1 milyon dola nan finansman siplemantè nan Fon Pwoteksyon Anviwònman an pou devlope oswa pou amelyore Plan Kontwòl Eleman Nitritif Jeneral pou pwodiktè pwodui abaz lèt yo, tankou modèl pi bon pratik jesyon sou bitasyon yo;
- Angaje pou \$450.000 dola pou Pwogram Akselerasyon Pwodui Abaz Lèt Dam pou bay asistans pou biznis pou kiltivatè k ap chèche agrandi operasyon yo. Nan pwogram nan, kiltivatè yo ap kapab eksplwate espètiz rezo Cornell Cooperative Extension (CCE) ak lòt pwogram agrikòl pou fasilite ak devlope biznis yo epi pou ogmante pwodiksyon agrikòl yo nan bitasyon agrikòl yo; epi
- Bay \$822.000 dola nan Èd nan Fon Rejyon yo pou kontinye pwogram PRO-DAIRY.

DEC ap travay avèk PRO-DAIRY pou devlope Plan Kontwòl Jeneral Eleman Nitritif pou ede gide kiltivatè yo sou fason pou itilize fimye oswa lòt angrè nan manyè ki pi efikas la pou pwoteje kalite dlo a epitou pou ede amelyore pwofi yo. Avèk pwojè sa a, y ap devlope plis pase 40 plan konsa, epi y ap bay pwoteksyon siplemantè pou anviwònman an lè twoupo lèt yo ogmante.

Pwogram Jesyon Anviwònman Eta a ki la kounye a ak pwogram PRO-DAIRY Cornell University bay konsèy pou kiltivatè yo sou fason pou yo jere eleman nitritif ak chan danre yo byen. Avèk pwogram tankou sa yo, kiltivatè yo kapab ogmante twoupo yo san okenn risk anplis nan anviwònman an.

Avantaj Pwodui Abaz Lèt pou Ekonomi New York

Depi ane 2000, kantite izin tretman yogout nan New York te ogmante ant 14 ak 27 jodi a avèk yon lòt gwo izin, Muller Quaker Dairy ki nan Batavia, ki pral kòmanse pwodiksyon li nan kèk mwa. Sa vini apre Alpina Foods, ki baze nan Kolonbi, Amerik-di-Sid, ki louvri izin yogout li nan mwa oktòb 2012, epitou nan Batavia. Ant ane 2007 ak 2012, izin yogout New York te prèske triple nan pwodiksyon an, ant 234 milyon liv a pwodiksyon yo prevwa k ap 692 milyon liv. Nan menm peryòd tan an, kantite lèt yo itilize pou fè yogout nan New York te ogmante anpil ant 166 milyon liv a apeprè 1,7 milya liv. Pifò ogmantasyon nan pwodiksyon yogout la se akòz entwodiksyon ak pwodiksyon yogout brase, ki bezwen twa fwa plis lèt pase yogout tradisyonèl la.

Nan ane 2011, manifakti pwodui abaz lèt New York te anplwaye apeprè 8.070 moun ki te touche yon salè total \$414 milyon dola, yon ogmantasyon 14 pousan parapò ak ane 2005. Gwo ogmantasyon pwodiksyon yogout nan New York te gen yon efè pozitif sou biznis yo toupatou nan eta a, non sèlman pou endistri yogout la, men tou pou bitasyon pwodui abaz lèt yo, manifakti yo ak kominote lokal ki toupatou nan New York.

Pwodiksyon pwodui abaz lèt ak tretman an ansanm prezante yon enpak total \$8,9 milya dola pou ekonomi New York. Answit, yon djòb nan bitasyon an kreye pou chak 40 a 50 vach antou. Pou chak nouvo djòb ki kreye sou yon bitasyon pwodui abaz lèt, yon lòt 1,24 djòb kreye nan kominote lokal la. Epitou pou chak djòb ki kreye nan endistri tretman pwodui abaz lèt la, 5,72 djòb kreye annamon.

Senatè Patty Ritchie, Prezidan Komite Agrikilti Sena a, di konsa, “Agrikilti se endistri prensipal eta nou an, epi kwasans endistri yogout la reprezante yon nouvo opòtinite pou kiltivatè nou yo agrandi, kreye djòb, ak bay yon sipò pou ekonomi New York. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li fè yon patenarya avèk Komite Agrikilti Sena a pou elimine fòmalitye yo, pou jwenn fason pou ede kiltivatè k ap travay di nou yo leve defi endistri sa a k ap chanje a epi pou kontinye ede devlope ekonomi agrikilti New York k ap debat.”

Manm Asanble Bill Magee, Prezidan Komite Agrikilti Asanble Eta a, di konsa, “Bitasyon pwodui abaz lèt Eta New York ak kiltivatè yo te toujou yon gwo priyorite pou mwen. Mwen bat bravo pou Gouvènè a poutèt li rekonèt enpòtans endistri sa a ak pou efò l ap fè pou kontinye pouse li devan, poutèt li te ede pwodiktè pwodui abaz lèt yo pa twò lontan pou satisfè demann pou mache yogout grèk k ap avanse.”

Manm Komisyon DEC, Joe Martens, di konsa, “Règleman sa yo ap nan avantaj kiltivatè yo, ekonomi rural la ak endistri yogout la, epi y ap ede konsève tè agrikòl la kòm espas ki louvri, pandan yo tout ap kontinye pwoteje resous dlo eta a. Diplikata règleman ki te fè kiltivatè yo pase nan de pwosesis apa pou jwenn menm bagay la elimine kounye a san yo pa sakrifye pwoteksyon anviwònman an.”

Manm Komisyon Agrikilti Eta a, Darrel J. Aubertine, di konsa, “Kòm yon pwodiktè pwodui abaz lèt setyèm jenerasyon, mwen konnen toudabò defi endistri pwodui abaz lèt trè enpòtan eta a nou genyen. Gouvènè Cuomo konprann enpak ekonomik pwodui abaz lèt la isit la nan New York. Règleman sa yo pral

ede bitasyon pwodui abaz lèt yo agrandi operasyon yo, ak asire New York ap konsève repitasyon li kòm Silicon Valley of Yogurt.”

Prezidan, Direktè Jeneral ak Manm Komisyon Empire State Development, Kenneth Adams, di konsa, “Gras ak kalite dirijan Gouvènè Cuomo, endistri yogurt Eta nou ap fè pwogrè. Eliminasyon fado ki pa nesèsè sou pwodiktè pwodui abaz lèt New York ap ogmante pwodiksyon lèt la, kreye nouvo djòb epi sipòte kontinyasyon kwasans ak agrandisman endistri yogurt la nan Eta New York.”

Dean Norton, Prezidan Biwo Agrikòl New York, di konsa, “Gouvènè Cuomo toujou montre konpreyansyon li pou koneksyon enpòtan ant agrikilti ak devlopman ekonomik, yon koneksyon ki endike nan avansman nan pwodiksyon yogurt ki fè New York premye eta nan fè yogurt nan peyi a. Biwo Agrikòl New York apresye plan Gouvènè a anpil, epi li bat bravo pou Manm Komisyon Martens ak ekip li a nan DEC pou travay rapid yo pou redui fado règleman CAFO nan eta sa a. Sa pral pèmèt bitasyon agrikòl nou yo pran plis responsablite, lè yo kontinye pran swen tè ak dlo nou yo pandan y ap ofri tretman lèt, fabrikan yogurt ak konsomatè yo plis pwodui abaz lèt ki gen pi bon kalite yo vle souvan nan men kiltivatè New York yo.

David Haight, Direktè American Farmland Trust Eta New York, di konsa, “Nou sipòte vizyon Gouvènè Cuomo ki endike New York kapab gen yon anviwònman ki bon pou sante, pwodiksyon manje lokal ak yon ekonomi ki fò. Kreyasyon plis opòtinite ekonomik pou pwodiktè pwodui abaz lèt nou yo pandan y ap pwoteje dlo pwòp ak tè arab pwodiksyon ap sipòte pwodiksyon yogurt la ak kwasans bitasyon agrikòl ak ekonomi manje eta a pou pwochen jenerasyon yo.

Travis Rea, pwodiktè pwodui abaz lèt Konte Washington, di konsa, “Sa a se yon bon opòtinite pou bitasyon agrikòl fanmi nou an ki te sou teren sa a pandan plis pase 200 ane. Nou te vle grandi pou pran avantaj nouvo opòtinite nan endistri pwodui abaz lèt la, epi gras ak Gouvènè Cuomo ak Manm Komisyon Martens, nou kapab ajoute plis vach nan yon ti tan, epi nou kapab vin yon bitasyon agrikòl ki pi fò ak pi efikas, pou asire lonjevite nou pou yon 8yèm jenerasyon.”

Kerry Adams, pwodiktè pwodui abaz lèt nan Konte Ontario ki te patisipe nan Konferans Gouvènè Cuomo sou Yogurt, di konsa, “Lè mwen te patisipe nan Konferans Gouvènè a sou Yogurt, mwen te fè konnen volonte mwen pou agrandi operasyon mwen yo ak fwistrasyon mwen tou avèk règleman CAFO ki te anpeche mwen fè sa. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsì poutèt li koute pwodiktè pwodui abaz lèt New York yo, epitou poutèt li aji sou non endistri nou an.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole